



Pou Piblikasyon Imedya: 14/10/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN PWOJÈ TRANSFÒMASYON
AYEWOPÒ ENTÈNASYONAL NAN KONTE SULLIVAN**

Nouvo pòtay Rejyon Catskill Nouyòk la gen ladann tèminal modèn, sèvis piblik ki efikas an enèji, restoran, ba ak espas pou reyinyon piblik

[Foto yo disponib isit la](#)

Fè m vole jiska Catskills! Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke transfòmasyon Ayewopò Entènasyonal nan Konte Sullivan pou tounen yon etablisman transpò modèn, dènye kri te fini, sa k ap anonse kwasans ekonomik kontinyèl ak touris nan Rejyon Catskill la. Pwojè a, ki te kòmanse nan mwa me 2023, te resevwa yon sibvansyon 18.5 milyon dola nan kad [Konpetisyon pou Devlopman Ekonomik ak Revitalizasyon Ayewopò Rejyon Nò Eta](#) (Upstate Airport Economic Development and Revitalization Competition), pou bidjè 230 milyon dola Gouvènè a ke finansman Depatman Transpò Eta Nouyòk (New York State Department of Transportation, NYSDOT) administre. Pwojè a te pèmèt pou kreye yon tèminal modèn ki efikas nan enèji ki nan 1,394 mètr kare (15,000 pye kare), ki pral ofri yon eksperyans agreyab ak akeyan pou vizitè yo, biznis lokal yo, ak manm kominote a.

"Ou sèlman gen yon sèl chans pou fè yon bon premye enpresyon, e nou vle asire ke ayewopò nan zòn nò eta nou yo fè sa a pou kominote lokal yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Modènizasyon Ayewopò Entènasyonal nan Konte Sullivan bay youn nan rejyon k ap devlope pi vit nan eta a yon sant vwayaj premye klas, ki voye yon siyal klè ke Catskills ouvè pou biznis e pare pou resevwa vizitè yo."

Ayewopò Entènasyonal nan Konte Sullivan te youn nan nèf ayewopò nan nò eta a ki te resevwa yon total 230 milyon dola nan dènye faz finansman Konpetisyon pou Devlopman Ekonomik ak Revitalizasyon Ayewopò Rejyon Nò Eta Gouvènè Hochul [te anonse an septanm 2022 a](#). Finansman sa a non sèlman amelyore ayewopò nò Eta Nouyòk yo, men tou li ap amelyore kapasite yo pou yo fè konpetisyon sou sèn avyasyon nasyonal ak mondyal la.

Komisè Depatman Transpò Eta Nouyòk, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Gouvènè Hochul konprann ayewopò nò eta nou yo se pòt antre ki akeyi vizitè yo, men tou yo se motè ekonomik ki ouvri pòt pou nouvo opòtinite biznis ak plis touris.

Amelyorasyon nou pote nan Ayewopò Entènasyonal nan Konte Sullivan lan pral amelyore eksperyans pasaje yo, sèvi kòm yon espas rankont kominotè modèn pou rezidan lokal yo, epi kreye yon enpresyon pozitif ak dirab nan Catskills kòm yon bon kote pou viv, travay, ak vizite."

Ouvri an 1969, Ayewopò Entènasyonal nan Konte Sullivan, ki sitiye nan White Lake a 145 km (90 mil) de Vil Nouyòk, depi lontan te toujou yon konektè enpòtan pou Rejyon Catskill Mountains lan. Sitiye sou yon tèt ti mòn ki gen 243 ekta, apeprè 8 km (5 mil) de nòdwès Monticello, ayewopò a bay aksè a plizyè atraksyon ak evènman popilè nan zòn nan, tankou Festival Bagel popilè, plizyè machin klasik, ak peyizaj natirèl etonan nan Catskills yo. Li tou pre Bethel Woods Center for the Arts — sit istorik Festival Mizik Woodstock an 1969 — ki òganize plizyè evènman ak espektak. Dapre done resan, ayewopò a jenere apeprè 10.1 milyon dola nan aktivite ekonomik pou zòn ki antoure li.

Nouvo tèminal la te ranplase yon bilding demode, mitan 20yèm syèk atravè yon estrikti modèn ki pral genyen pout an bwa lamine ki rantab, ansanm ak fenèt ki soti nan etaj rive nan plafon ki kreye yon enteryè ki byen ouvri, ki klere ak solèy, ki pèmèt vizitè yo gen aksè ak yon vizyon panoramik sou Catskill Mountains ak sou pis ayewopò a. Yo te ranplase fou ki demode epi ki pa efikas la pa yon sistèm HVAC (Chofaj, Vantilasyon ak Klimatizasyon) totalman elektrik ki sèvi ak ponp chalè ki gen gwo efikasite ki entegre avèk pi jewotèmik. Yon nouvo restoran ak zòn ba, ak yon teras adjasan ki bay sou pis la, antre ak patio deyò pral amelyore eksperyans pou vwayajè modèn yo ak manm piblik jodi a yo. Yon sal pilòt pral akeyi pasaje ak itilizatè avyon prive. Espas biwo yo pral disponib tou pou biznis ki gen rapò ak avyasyon, tankou lokasyon machin, epi yon nouvo sal konferans pral aksesib pou divès biznis, òganizasyon ak itilizasyon piblik la.

Pwojè a, ki gen yon depans total ki te estime a anviwon 24 milyon dola, te genyen tou amelyorasyon sa yo:

- Nouvo twalèt ak sa ki amelyore.
- Amelyorasyon izolasyon tèminal, ki gen ladan fenèt ak pòt, pou amelyore efikasite enèji
- Nouvo mèb, enstalasyon ak ekipman
- Ranplasman/agrandisman sistèm septik ki egziste deja
- Amelyorasyon rezèvwa dlo pou anpeche dife ak sistèm distribisyon ponp
- Enstalasyon pano solè ak estasyon rechaj pou veyikil elektrik
- Pakin prensipal ki repave ak trase

Nan mwa septanm 2022, Gouvènè Hochul te anonse 230 milyon dola nan prim pou nèt ayewopò nan nò eta a pou pwojè revitalizasyon ki reyimajine epitou modènize ayewopò yo atravè nò eta Nouyòk. Depatman Transpò Eta Nouyòk (New York State Department of Transportation) òganize konpetisyon Devlopman Ekonomik ak Revitalizasyon Ayewopò Rejyon Nò Eta a epi li te ouvri pou ayewopò sèvis pasaje komèsyal yo nan nò eta a ak ayewopò ki te bay sèvis espesyalize pou avyon komèsyal ak/oswa avyon antrepriz yo. Yo te ankouraje aplikan yo pou aplike pou finansman yon sèl pwojè oswa

yon pwogram pwojè ki pral ede satisfè demann 21yèm syèk la. Pwojè ayewopò elijib yo te soumèt pou revizyon yo te evalye sou baz kritè etabli, ki gen ladan men pa limite a inovasyon nan konsepsyon, ekipman pasaje yo ak eksperyans, efikasite operasyon ak efikasite ekonomik pou rejyon ayewopò a. Anplis Ayewopò Entènasyonal Konte Sullivan lan, lòt benefisyè yo enkli: Ayewopò Entènasyonal Albany, Ayewopò Entènasyonal Watertown, Ayewopò Konte Saratoga, Ayewopò Entènasyonal Syracuse Hancock, Ayewopò Entènasyonal Ogdensburg, Ayewopò Greater Binghamton, Ayewopò Entènasyonal Frederick Douglass Greater Rochester ak Ayewopò Rejyonal Adirondack.

Manm Asanble Paula Elaine Kay te deklare, "Avèk investisman sa a, Konte Sullivan ap dekole. Nouvo tèminal ayewopò a pral pote vizitè, biznis, ak enèji nan rejyon nou an. Mwen apresye lidèchip ak angajman kontinyèl Gouvènè Hochul an favè kwasans nan 100yèm Asanble Distri a."

Manadjè Konte Sullivan Joshua A. Potosek te deklare, "Nou te kontan anpil lè Gouvènè Kathy Hochul te enkli nou nan Pwogram Devlopman Ekonomik ak Revitalizasyon Ayewopò nan Nò Eta a, epi ba nou 18.5 milyon dola pou konstwi yon nouvo tèminal ki efikas nan enèji. Epi avèk patnè tankou Depatman Transpò Eta Nouyòk ak Holt Construction, nou te livre yon bèl tèminal fonksyonèl ke tout Konte a ak Eta a ka fyè de li."

Prezidan Lejislati Konte Sullivan, Nadia Rajsz, te deklare, "Ayewopò Entènasyonal Konte Sullivan ap tabli yon nouvo estanda pou enstalasyon tankou sa yo nan konte yo nan nò eta a, gras ak vizyon ak lidèchip Gouvènè Hochul. Avèk tèminal sa a ki enpresyonan nan aspè achitekti kòm pyès santral li, nou gen entansyon montre kijan yon 'ti' ayewopò ka gen yon trè gwo enpak — pa sèlman nan domèn avyasyon, men tou nan kominote nou yo. Sa a se yon gwo etap pou fè Ayewopò a vin finansyèman endepandan epi tounen yon aktè ki vrèman konpetitif nan mond avyon antrepriz."

Enfòmasyon sou Depatman Transpò

Depatman Transpò Eta Nouyòk la gen pou misyon bay yon sistèm transpò ki an sekirite, fyab, ekitab, ak rezistan ki konekte kominote yo, amelyore kalite lavi, pwoteje anviwònman an, epi sipòte byennèt ekonomik Eta Nouyòk.

Lavi yo andanje; ralanti epi mete nou sou kote pou travayè otowout yo! Pou plis enfòmasyon, jwenn nou sou [Facebook](#), swiv nou sou [X](#) oswa [Instagram](#), oswa vizite [sitwèb](#) nou an. Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite www.511NY.org oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)